



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU SIPÒTE BA YO, RESTORAN YO, BRASRI YO AK LÒT TI BIZNIS YO

Lejislasyon S.2743/A.3909 pèmèt pèmi tanporè pou vann an detay pou nouvo ba yo, restoran yo ak makèt yo nan Vil New York

Lejislasyon S.6256-A/A.7757 elaji pèmi pou fabrikasyon tanporè pou tout fabrikan bwason ki gen alkòl ki kalifye nan Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislatif ki te retire fòmalitye administratif epi ki ede nouvo ba yo, restoran yo ak lòt biznis bwason ki gen alkòl yo pou ouvri pi vit. Lejislasyon (S.2743/A.3909) pèmèt yo bay pèmi tanporè pou ba ak restoran yo ki ouvè nan Vil Nouyòk, sa ki mete biznis sa yo sou menm baz ak biznis nan rès eta a. Lejislasyon (S.6256-A/A.7757) pèmèt yo akòde nouvo pèmi fabrikasyon tanporè pou eksplwatasyon vitikòl, brasri, sidri, ak distilri New York ki ap tann apwobasyon final la sou lisans fabrikasyon yo, pou yo ka opere ak sèvi kliyan yo pandan aplikasyon konplè yo annatant.

"Ann swete ba yo, restoran, brasri ak lòt ti biznis fòmidadab yo siksè ki se yon pati enpòtan nan ekonomi New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye konbat pandemi an, nou bezwen asire nou tou ke nou pwoteje ekonomi nou an, e lwa sa a pral retire fòmalitye administratif yo epi pote plis kliyan nan pòt la pi vit jan sa posib pou ede ti biznis yo retounen sou pye yo."

Pwojè lwa sa yo fonksyone pou rann li pi efikas pou nouvo biznis yo ouvri. Dapre lalwa aktyèl la, yo pa ka akòde biznis Vil Nouyòk yo lisans tanporè pou likè; Otorite Likè Eta (State Liquor Authority, SLA) gen dwa sèlman bay lisans pèmanan pou likè, ki sijè a yon pwosesis revizyon ki long. Dapre Lejislasyon (S.2743/A.3909) SLA a pral kapab akòde kèk biznis Vil Nouyòk lisans tanporè pou likè, ki pran apeprè 30 jou sèlman pou trete, selon kalite aplikasyon an. Sa a pral ede endistri restoran an tou, ki fè yon tyè nan revni li nan vann bwason ki gen alkòl yo.

Senatè Jessica Ramos te deklare, "Kòm dènye vag la te frape vil nou an, nou dwe rete detèmine nan misyon nou pou kodifye zouti ki pral ede restoran nou yo ak pwopriyete ti biznis yo simonte sa ki ta ka yon lòt vag. Lè li siyen pwojè lwa mwen an, Gouvènè Hochul te voye yon kout men enpòtan nan ba ak restoran yo nan NYC. Yo se

tisi ak sous lavi nan katye nou yo, epi yon pwosesis inifòm nan tout eta a pou lisans tanporè asire ke nou ka modere enpak ki potansyèlman devastatè yon kriz."

Manm Asanble Inez E. Dickens te deklare, "Ti biznis yo nan Vil Nouyòk deja sibi anpil bagay—nou pa ta dwe ajoute obstak siplemantè ak fòmalitye administratif pou anpeche siksè yo. Se poutèt sa lejislasyon nou an tèlman enpòtan: li koupe nan biwokrasi a epi li ede asire ke ba ak restoran yo gen kliyan ki antre nan pòt la depi nan premye jou apre ouvèti a. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li te siyen pati lejislasyon bonsans sa a pou vin lwa, ak patnè lejislatif mwen an, Senatè Ramos, paske li te asire nou fè travay la."

Pou ranfòse ti biznis yo nan endistri fabrikasyon bwason ki gen alkòl la, Lejislasyon (S.6256-A/A.7757) pèmèt SLA bay lisans tanporè pou biznis ki kalifye yo, tankou anpil fabrikan bwason atizanal yo. Nòmalmman, lisans yo pran sis mwa pou trete e peryòd datant sa a fè li pi riske menm pou ouvri yon nouvo biznis nan sektè sa a. Dapre nouvo lejislasyon sa a, biznis yo ka aplike pou yon lisans tanporè ki pèmèt yo ouvri pandan y ap tann apwobasyon final la, pou anpeche depans akimile nan lwaye ak antretyen apre yo fin rasanble loka lak ekipman.

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Endistri bwason atizanal New York la se yon gwo sous fyète lokal ak yon pati enpòtan nan ekonomi touris ak eritaj agrikòl eta nou an. Ogmante avantaj konpetitif nou an nan espas bwason atizanal la vle di kreye yon anviwonman biznis ki bay sipò ki ede ti antreprenè sa yo pote pwodwi yo soti nan fèm rive nan vè pandan y ap kreye travay lokal yo. Pwojè lwa mwen an, ak Manm Asanble Lupardo, pou bay nouvo pwodiktè bwason atizanal yo opòtinite pou yo aplike pou yon pèmi tanporè 6 mwa pral pèmèt plis biznis ouvri pòt yo pi vit epi kòmanse fè pwofi pi bonè, sa ki enpòtan sitou nan moman ekonomik difisil sa yo. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a jodi a epi paske li rekonèt enpòtans pèmi tanporè yo kòm yon mwayen pou prepare siksè nouvo biznis bwason atizanal nou yo."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Si yon nouvo biznis bwason atizanal gen yon lokal, ak ekipman pou kòmanse opere, yo ta dwe kapab fè sa, pandan y ap tann yon pèmi definitif. Lejislasyon bon sans tankou sa a fè li pi fasil pou biznis sa yo opere ak jenere revni pi bonè. Li siyal tou valè nou mete nan endistri klas mondyal sa a, paske yo se yon ankraj nan touris NY la ak yon eleman enpòtan nan agrikilti NY. Mwen pa ka tann pou mwen wè nouvo biznis sa yo grandi epi kontinye sipò kontinyèl nou pou endistri bwason atizanal la. Mèsi a Senatè Hinchey pou patenarya li ak Gouvènè Hochul pou sipò antouzyasm li."

Endistri fabrikasyon bwason ki gen alkòl Eta New York la te reprezante plis pase 5 milya nan revni an 2018. Malgre bèss ekonomik la, li te ofri lejislatè yo yon chans pou yo re-egzamine lwa ki ta ka entèfere ak espri antrepriz. Lè yo fasilite etap sa a nan pwosesis apwobasyon SLA a, endistri a espere grandi pandan plizyè ane k ap vini yo. Lè nou retire tan datant yo ak obstak yo pou kòmanse, nouvo lwa sa yo pral galvanize momentòm ogmantasyon endistri a epi ankouraje plis ti biznis pou yo kòmanse nouvo eksplwatasyon vitikòl, brasri, sidri, ak distilri nan Eta New York. Se endistri restoran an

ki pral sipòte endistri fabrikasyon bwason ki gen alkòl la tou paske li emèje nan yon eta similè akòz pandemi an.

Direktè Egzekitif Alyans Ospitalite NYC (NYC Hospitality Alliance) a, Andrew Rigie, te deklare, "Endistri restoran ak lavi noktin Vil Nouyòk deja devaste pa pandemi an. Endistri a toujou manke 100,000 travay konpare ak nivo travay anvan pandemi an, epi plizyè milye etablisman manje ak bwason fèmen, kite devan magazen yo vid nan senk minisipalite yo. Nou remèsye Senatè Ramos ak Manm Asanble Dickens paske li defann lejislasyon sa a, epi nou remèsye pwofondman Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa enpòtan sa a, ak pou lidèchip li nan sipòte restoran ak endistri touris nou yo, soti nan ti biznis yo rive nan travayè yo. Se yon gwo pa annavan nan abòde diskriminasyon kontinyèl ki te bati nan lwa sou alkòl yo kont antreprenè yo nan vil New York lè yo pèmèt yo ba yo lisans tanporè pou alkòl. Pandan ke gen plis travay toujou pou sipòte endistri enpòtan an, nouvo lwa enpòtan sa a pral ede ti biznis yo ouvri pi vit, mete moun yo travay pi bonè, bay lavi nan restoran vid yo ozalantou vil la, epi estimile ekonomi an."

Prezidan Asosyasyon Ba ak Sal Restoran Latino Eta New York la (New York State Latino Restaurant Bar and Lounge Association) Jeffrey Garcia, Prezidan Asosyasyon Restoran, Bar and Lounge Eta New York, Jeffrey Garcia, ak Direktris Egzekitif la, Arelia Taveras, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te siyen pou vin lwa pati lejislasyon enpòtan sa a ki pral rann règ jwèt la inifòm pou restoran ak ba yo nan Vil New York. Pandan twò lontan, restoran ak ba nan Vil Nouyòk te paralize ekonomikman pandan y ap tann SLA apwouve aplikasyon lisans pèmanan pou likè yo. Lejislasyon sa a pral pèmèt yo jwenn lisans tanporè pandan pwosesis demann aplikasyon an epi li pral asire etablisman sa yo ka ofri yon pati esansyèl nan meni yo bay kliyan ki vle achte alkòl yo. Ak ogmantasyon menas varyant COVID yo, nou dwe ekipe pwopriyetè restoran ak ba yo ak tout zouti ki a dispozisyon yo pou siviv moman difisil sa yo."

Direktè Egzekitif Restoran Empire State & Asosyasyon Tavern (Empire State Restaurant & Tavern Association) Ian, Scott Wexler, te deklare, "Lè w pèmèt pèmi tanporè nan Vil Nouyòk, menm jan yo ye nan rès Eta a, li pral fasilite siksè kontinyèl endistri Otelri New York la. Sa a espesyalman enpòtan kounye a pandan n ap kontinye lite ak pandemi COVID-19 la. Nou felisite Gouvènè a ak Lejislati a pou sipò yo bay ti biznis enpòtan sa yo."

Paul Leone, ki se Direktè Ekzekitif Asosiyasyon Brasri Eta New York yo (New York State Brewers Association), te deklare, "Gouvènè Hochul kontinye rete yon gwo defansè endistri bwason atizanal nan Eta New York epi nou bat bravo pou lidèchip li yon lòt fwa ankò ak siyati pwojè lwa sa a. Ak tan datant aktyèl yo pou lisans bwason atizanal yo ki kounye a atenn prèske 6 mwa, pwojè lwa sa a, ki patwone pa Senatè Hinchey ak Manm Asanble Lupardo, pral pèmèt prèske 45 brasri atizanal k ap tann lisans sa yo ouvri imedyatman lè yo ba yo pèmi tanporè sa a. Sa pral pèmèt yo vann pwodwi yo, peye lwaye yo, peye bòdwo yo, epi ajoute anplwaye pandan y ap tann lisans yo."

Melissa Fleischut, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Restoran Eta New York (New York State Restaurant Association) la, te deklare, "Nou tout konnen ke ka pozitif yo ap monte nan Vil Nouyòk, e chak jou restoran yo oblije sispann sèvis tanporèman, fè fas ak mank pèsònèl, epi fè fas ak rezèvasyon anile. Lè yo pèmèt lisans tanporè pou alkòl Nan Vil Nouyòk, eta a ap bay kèk soulajman pou operatè yo ki pral san dout fè fas ak yon sezon ivè difisil epi ki pral mete yon règ demode ann akò ak rès eta a. Mèsi, Gouvènè Hochul, Senatè Ramos, ak Manm Asanble Dickens, e nou espere kontinye travay sou fason pou sipòte endistri restoran an pandan kriz pwolonje sa a."

Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta, te deklare, "Sektè Otelri nou an te frape anpil pandan de ane ki sot pase yo, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou sipòte sektè vital sa a nan ekonomi nou an pandan y ap rekonstwi. Yon pi gwo priyorite pou Gouvènè Hochul se asire tout biznis yo ka ouvri pi rapid posib, epi nouvo lwa sa yo pral pèmèt ba, restoran ak biznis fabrikasyon yo kòmanse pote revni epi kreye travay touswit."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418